



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE Y AP PWOLONJE PWOGGRAM ASISTANS IPOTÈK
TANPORÈ A POU EDE NOUYOKÈ VILNERAB KI TE OBLIJE DEMENAJE AKOZ
TANPÈT EKSTRÈM YO POU SIMWA ANKÒ**

***Pandan Gouvènman Federal la Rete Fèmen, New York ap Pran Mezi pou I Ede
Pwopriyetè Kay Vilnerab yo***

***Yo Prevwa gen 205 Aplikan ki Toujou Rete Kote yo te Demenaje Ale apre Gwo
Tanpèt Vyolan Sandy a, Ouragan Irene lan ak Tanpèt Twopikal Lee a yo ki
Konte Benefisyé de Mezi sa a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse y ap pwolonje Pwogram Asistans Ipotèk Tanporè a (Interim Mortgage Assistance, IMA) pou ede patisipan ki pi vilnerab yo pou simwa ankò, yon pwolonjman ki te posib gras a 3.9 milyon dola adisyonèl finansman eta a bay. Yo prevwa gen plis pase 200 aplikan elijib - ki gen ladan granmoun aje yo, moun ki gen andikap yo, viktим fwòd kontraktyèl yo, moun ki bezwen rekonstwi kay yo, ak moun ki gen revni fèb oswa modere yo - ki konte benefisyé de dènye pwolonjman adisyonèl sa a, pandan y ap kontinye fini pwojè rekiperasyon ak rezistans apre Gwo Tanpèt Vyolan Sandy a ki te frape yo depi sizan deja. Sou direksyon Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR), pwogram IMA te distribiye 54.2 milyon dola pou sipòte apeprè 1,900 Nouyòkè ki te afekte ki gen vèsman ipotèk ak lwaye pou yo peye.

“Byenke gouvènman federal la pa reyisi ede sila ki gen bezwen yo, New York ap pran responsabilite a yon lòt fwa ankò pou ede kominote move tan ekstrèm yo te afekte yo”, **Gouvènè Cuomo te di.** “Avèk pwolonjman adisyonèl simwa sa a, nou pral kontinye ede Nouyòkè vilnerab yo rekonstwi pi solid ak pi rezistan pase avan.”

Pwolonjman simwa sa a ap reyaliyen dèle pwogram IMA a ak dèle yo deja genyen pou Pwogram Pwopriyetè Kay Inifamilyal NY Rising lan (NY Rising Single Family Homeowner Program) ki se jen 2019. Se sèlman aplikan aktyèl ki patikilyèman vilnerab yo epi ki pokò resevwa avantaj IMA pandan 20 mwa okonplè yo dwe resevwa yo ki pral elijib pou pwolonjman sa a. Yo pap aksepte okenn nouvo aplikasyon IMA. Benefisyè IMA vilnerab yo pral elijib pou yo resevwa jiska 20 mwa IMA yo a okonplè san ranbousman odela de mwa Jen 2019. Viktим fwòd kontraktyèl yo pral elijib pou yo resevwa jiska 20 mwa IMA yo a okonplè epi yo gendwa pèmèt yo kontinye kolekte apre dèle mwa Jen 2019 la. GOSR pral bibliye pwolonjman ki disponib sa a sou sitwèb yo a, epi yo pral kontakte benefisyè IMA vilnerab ki kalifye yo mwayennan sou baz chak ka. Si yon aplikan kwè yo gendwa elijib, yo dwe kontakte jesyonè ka yo a oswa rele sant lan nan 844-9NY-RISING (844-969-7474).

Direktè Egzekitif Lojman, Pwogram Racha ak Akizisyon nan Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a, Thehbia Hiwot te deklare, “Lè gouvènman federal la te premye limite kantite lajan pou asistans ipotèk nou ka bay la, Eta a te lite an favè sivivan katastwòf la yo pou nou ka sekirize pwolonjman dèle a. Nan pwosesis la, nou te devlope yon pwogram novatè ki te vèse anpil dizèn milyon dola pou asire ke Nouyòkè tanpèt te afekte yo ka peye vèsman ipotèk yo”.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, “Gentan gen sisan ki deja pase depi gwo tanpèt vyolan Sandy a te frape, toujou gen viktim tanpèt la yo ki poko retounen lakay yo, san se pa fòt yo. Pwolonjman sa a pral ofri tan ak resous nesesè yo bezwen pou yo rekonstriksi. Piske gouvènman federal la pap finanse pwogram sa a ankò, epi tout lajan sa se lajan eta a sèlman, n ap di yon mèsi espesyal a Gouvènè Cuomo pou finansman pwogram sa a ak paske I konprann kalvè twòp nan vwazen nou yo ap monte”.

Resous adisyonèl eta ap bay yo pral ede patisipan Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising lan (NY Rising Housing Recovery Program) peye pou vèsman ipotèk yo jiska Jen 2019, ki se lè pwopriyetè kay yo dwe pwogramme pou fè yon dènye enspeksyon. Apre de pwolonjman dèle yo te bay avan pou favorize pwogrè konstriksyon yo, yo pap bay okenn lòt dèle siplemantè ankò, epi aplikan yo dwe fèmen pwogram lan apati 31 Desanm 2019.

Menm jan ak tout pòtfèy pwogram NY Rising Eta a yo, ki te jwe yon wòl santral nan pwosesis rekiperasyon apre tanpèt Sandy, Lee ak Irene lan yo, GOSR te inisyalman finanse IMA avèk atribisyon 4.5 milya dola yo te resevwa nan men Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini an (Department of Housing and Urban Development, HUD). An 2013, HUD te pèmèt GOSR ak lòt benefisyè sibvansyon Sandy yo ofri jiska 20 mwa asistans kote yo te ofri yon avantaj maksimòm 60,000 dola. Toutwa, apre Eta New York te fin tandé preyokipasyon rezidan I yo, yo te kontinye pouse limit yo.

An 2015, GOSR te soumèt yon egzansyon pou bay avantaj IMA yo odela de 20 mwa yo epi, an Janvye 2016, yo te resevwa pèmisyon pou yo pwolonje peman yo pou yon lòt 16 mwa ankò kote yo te ofri yon avantaj maksimòm 108,000 dola. GOSR te premye benefisyè sibvansyon ki te resevwa dire pwolonjman dèle sa a epi pou yo bay 36 mwa asistans vèsman ipotèk. Byenke HUD te eggije pou pwolonjman 16 mwa a fini an Desanm 2017, GOSR te kontinye ofri jiska 20 mwa IMA a jiskan 2018.

Y ap ajoute plis pase 54 milyon dola yo te vèse atravè IMA a sou 1 milya dola ke yo te remèt pwopriyetè kay Long Island yo dirèkteman nan men yo atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising lan, ki finanse reparasyon, rekonstriksyon, ak elevasyon yo.

Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a te etabli nan mwa Jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Tropikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising, pwogram Ti Bisnis yo (Small Business), pwogram Rekonstruksyon Kominotè (Community Reconstruction), pwogram Enfrastrikti (Infrastructure) ak pwogram Rekonstruksyon apati Konsepsyon (Rebuild By Design) li yo — GOSR ap envesti 4.5 milya dola nan Sibvansyon Blòk Developman Kominotè (Community Development Block Grant) federal - Finansman pou Rekiperasyon apre Dezas yo pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo.

Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou entènèt nan
<http://stormrecovery.ny.gov/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)